



Planifikasyon Tranzisyon: soti nan lekòl pou rive nan lavi adilt

Kisa planifikasyon tranzisyon ye e poukisa li enpòtan?

Tout elèv mande tèt yo, "Kisa mwen pral fè ak lavi mwen apre lekòl?". Lekòl yo itilize pwosesis planifikasyon tranzisyon an pou ede elèv ki gen andikap ak fanmi yo planifye pou lavi yo apre lekòl segondè. Gen anpil sipò ak sèvis Medicaid ak Eta Nouyòk finanse ki disponib pou jèn adilt ki gen andikap devlopmantral pandan ak apre lekòl segondè. Elèv yo ak fanmi yo dwe aplike pou sèvis sa yo epi yo ka bezwen aplike pou Medicaid, sizoka sèvis yo enterese ak li a egzije sa.

Sèvis eskolè yo disponib pou elèv ki gen andikap jiskaske yo vin genyen yon diplòm Regents oswa lokal, oswa jiskaske aksè yo nan yon edikasyon piblik gratis ak apwopriye fini. Sepandan, chak elèv dwe genyen yon plan tranzisyon anvan laj 15 lane oswa pi bonè, pou asire sèvis yo ap disponib lè yo bezwen yo.

Ki moun ki ka ede w planifye tranzisyon w lan?

Moun ki pral ede w konnen opsyon ki disponib pou ou yo se konseye pedagogik lekòl segondè ou a, pwofesè yo, lòt anplwaye lekòl la, fanmi ou, ak zanmi ou. Yon sèk sipò solid ka fasilite pwosesis planifikasyon tranzisyon an. Yon sèk sipò se yon gwoup moun ou chwazi ak tout libète w k ap ede w reflechi sou enterè w ak objektif ou, ekspriye yo epi reyalize yo. Se ou ki chwazi manm sèk sipò ou yo.

Pwosesis planifikasyon tranzisyon an ka ede w deside ki sa w vle fè apre w fini lekòl. Ou ka enterese nan:

- Ale nan inivèsite oswa nan yon lekòl pwofesyonèl oswa teknik
- Travay nan yon antrepriz kominotè
- Kòmanse pwòp biznis ou
- Fè benevola nan kominote w la
- Patisipe nan atizay kreyatif, mizik oswa dans
- Resevwa sipò lakay ou
- Viv nan yon rezidans sètifye oswa pwòp apatman w oswa kay ou

Konsèy pou paran yo ak elèv yo

- Kòmanse bonè; li pa janm twò bonè pou eksplòre posiblite yo.
- Poze kesyon; chèche konnen ki opsyon ki egziste nan kominote w la ak ki jan pou w aplike pou yo.
- Jwenn enfòmasyon sou pwosesis elijibilite pou jwenn sèvis yo. Chèche konnen ki dokiman ou bezwen bay pou sipò yo pare lè sa nesèsè.

Ki jan OPWDD ka ede ou?

Misyon nou se ede moun ki gen andikap devlopmantral yo mennen yon lavi ki pi rich. Nou pral ede w viv pi otonòm posib epi fè pati kominote w la. Nou apresye kapasite ak talan ou genyen pou kontribye, ak dwa ou genyen pou fè chwa sou lavi ou. Nou ofri sipò ak resous k ap ede w:

- Eksperimante relasyon anrichisan
- Fè eksperyans sante ak kwasans pèsònèl
- Viv nan lojman ou chwazi a
- Patisipe totalman nan kominote w la

Si w pa deja ap resevwa sèvis OPWDD yo, w ap bezwen suiv pwosesis Front Door OPWDD a ak elijiblite a.

Front Door OPWDD a

Anplwaye Front Door OPWDD pral pale avèk ou sou sèvis OPWDD yo ak pwosesis Front Door a, epi refere w yon Òganizasyon Kowòdinasyon Swen (CCO) kote w ap travay avèk yon jesyonè swen. Jesyonè Swen an ap ede ou menm ak sèk sipò ou a evalye enterè ou yo ak bezwen ou yo epi elabore yon Plan Lavi (plan pou sèvis). Plan Lavi a ou pral dekri fòs ou ak kapasite w epi defini objektif ou ak bezwen sipò ou. Sèvis nou yo gen ladan yo sipò pou ede w:

- Devlope konpetans pwofesyonèl epi jwenn travay nan kominote a
- Devlope epi amelyore ladrès pou lavi chak jou
- Vin pi aktif nan kominote w la ak
- Vin plis endepandan

Travay ak Aktivite Kominotè ki Enpòtan

OPWDD ka ede w eksplòre sèvis pou travay ak pwofesyonèl atravè pwogram Sipò pou Travay (SEMP), Pwogram Fòmasyon pou Travay (ETP), Sèvis Prepwofesyonèl nan Espas Travay (SBPV), ak Pwogram Chemen pou jwenn Travay (PTE). OPWDD ka ede w jwenn tou aktivite kominotè enteresan atravè Sèvis Abilitasyon Lajounen (DH) ak Abilitasyon Kominotè (CH).

Pou plis enfòmasyon, vizite paj sa yo sou sit entènèt OPWDD

a:

- **Pwogram Sipò pou Travay, Sèvis Prepwofesyonèl nan Kominotè a ak Prepwofesyonèl nan Espas Travay la:**

<https://opwdd.ny.gov/types-services/employment-training-and-supports>

- **Pwogram Fòmasyon pou Travay:**

<https://opwdd.ny.gov/types-services/employment-services>

- **Chemen pou jwenn Travay:**

<https://opwdd.ny.gov/types-services/pathway-employment>

- **Abilitasyon Lajounen (DH) ak Abilitasyon Kominotè:**

<https://opwdd.ny.gov/types-services/day-services>

Oswa voye yon imèl nan:

employment.vocational.services@opwdd.ny.gov oswa
day.community.services@opwdd.ny.gov

Kowòdonatè Tranzisyon Eskolè OPWDD yo

Pou jwenn nimewo telefòn ak adrès imèl Kowòdonatè Tranzisyon Eskolè OPWDD nan zòn ou an, tanpri kontakte Biwo Eksteryè Rejyonal ki pi pre w la:

lè w rele Liy Enfòmasyon OPWDD a nan 866-946-9733

lè w voye yon imèl nan: student.transition@opwdd.ny.gov

Pou plis enfòmasyon sou Front Door OPWDD a epi sipò ak sèvis nan zòn ou an:

- vizite <https://opwdd.ny.gov/get-started/front-door>
- rele Liy Enfòmasyon OPWDD a nan 866-946-9733



Office for People With Developmental Disabilities

Vizite sit entènèt nou an nan www.opwdd.ny.gov oswa kontakte liy enfòmasyon OPWDD a nan **(866) 946-9733**.

Moun ki gen pwoblèm pou tande kapab itilize Sistèm Relè NY **7-1-1** la

Sipò OPWDD pou Lojman

OPWDD ofri sipò pou pèmèt ou viv lakay ou oswa nan yon kay nan kominotè w la pou w ka pi endepandan posib. Tou depan bezwen ou yo, ou ka chwazi:

- Pou w viv ak fanmi w nan fwaye nou ak sipò apwopriye, tankou relèv ak abilitasyon kominotè.
- Pou w viv poukont ou ak sipò nan pwòp apatman w oswa kay ou. Ou ka gen yon moun k ap ba w swen tou. Gen sibvansyon pou lojman ki disponib pou ede w jere depans pou kay ou oswa apatman w.
- Yon vwazen yo peye pou sa ka ede w lè w bezwen èd pou w fè travay oswa pou w fè fas ak pwoblèm. Yo "sou apèl" pou ede w.
- Fanmi Akèy, yon sèvis kote w ap viv ak yon lòt fanmi epi w ap patisipe nan tout bagay fanmi an ap fè.

Nan kèk sikonstans, selon nivo bezwen w, ou ka chwazi pou w viv nan yon fwaye gwoup ak lòt moun ki gen andikap devlopmanal. Nan ka sa a, fanmi w, lòt moun ou chwazi yo, anplwaye OPWDD yo ak jesyonè swen ou a ap ede w jwenn yon fwaye gwoup ki satisfè bezwen w yo.

Pou plis enfòmasyon, vizite:

<https://opwdd.ny.gov/types-services/housing>